



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral nonmen Matthew Driscoll kòm Direktè Egzekitif Thruway Authority epi Cathy Calhoun pral travay kòm Komisè Pa Enterim nan Depatman Transpò (Department of Transportation). Gouvènè Cuomo te remèsye Bill Finch pou sèvis li kòm Direktè Egzekitif Thruway Authority.

“Matthew Driscoll ak Cathy Calhoun yo toulède se sèvitè piblik ki devwe ki bay egzanp sa ke li vle di travay pou moun New York, epi mwen fyè dèske yo pral kontinye bay sèvis yo nan nouvel pozisyon lidèchip sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Thruway Authority ak Depatman Transpò yo enpòtan anpil nan amelyore enfrastrikti nan chak kwen nan eta sa, epi pandan ke y’ap fè tranzisyon nan nouvel wòl yo, mwen espere travay ansanm bò kote lidè eksperimante sa yo pou kapab asire sekirite ak establite enfrastrikti New York yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li sou pwoblèm transpò yo epi mwen onore pou vin direktè egzekitif Thruway Authority Eta New York”, **se sa ansyen Komisè Depatman Transpò a Matthew Driscoll te deklare.** “Mwen espere travay ansanm ak fanm ak gason ki kapab yo nan otorite yo pou kapab reyalize vizyon Gouvènè a pou reyelabore enfrastrikti transpò yo atravè Eta New York.”

**Cathy Calhoun te di,** “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Depatman Transpò a te investi nan pwojè enfrastrikti istorik yo atravè New York pou sipòte vitalite ak fòs fiti tout eta a okonplè. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè a pou ajoute sou reyisit sa epi kontinye fè vanse enfrastrikti New York yo.”

Yo pral nonmen **Matthew Driscoll** pou li travay kòm Direktè Egzekitif Thruway Authority. Mesye Driscoll te travay anvan sa kòm Komisè Depatman Transpò Eta New York kote li te ede lanse plan istorik 100 milya dola sou senk an Gouvènè a pou renouvle efrastrikti New York ki ap vyeyi yo. Anvan sa, Mesye Driscoll te travay kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Environmental Eta New York (New York State Environmental Facilities Corporation), kote li te reyalize nouvo modèl biznis ki te abouti a envestisman rekò nan enfrastrikti dlo pwòp New York yo. Mesye Driscoll te okipe tou yon kantite pozisyon kabinè nan administrasyon Gouvènè Cuomo a, ki enkli Ko-Prezidan Fòs Entèkansyon pou Tanpèt nan Eta

New York (New York State Storm Recovery Task Force), manm nan Ekip Evalyasyon Reyalizasyon Estratejik (Strategic Implementation Assessment Team) pou ede nan pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council), ak manm konsèy nan Komisyon Restriktirasyon Finansye (Financial Restructuring Board), ki ap bay solisyon restriktirasyon ki vize pou ede minisipalite New York yo anba kontrent fiskal. Anvan wòl sa yo, Mesye Driscoll te eli de fwa Majistra Vil Syracuse, kote li te ranpòte rekonesans nasyonal Syracuse pou konsèvasyon enèji, inisyativ dirabilite yo ak efò pwoteksyon anviwònmanal yo. Li te etabli tou yon pwogram pèfòmans ki baze sou responsabilite pou gouvènman vil la, ki rele SyraStat, sa ki ekonomize plizyè milyon dola pou kontribyab yo nan vil la. Konsèy Administrasyon Thruway lan pral rankontre pou nonmen Matthew Driscoll Direktè Egzekitif Pa Enterim nan Thruway Authority. Yo pral nonmen li pou konfimasyon ofisyèl Sena a an Janvye.

**Cathy Calhoun** pral travay kòm Komisè Pa Enterim nan Depatman Transpò, pou kontinye plan monimantal New York lan pou investi 100 milya dola nan modènizasyon enfrastrikti ki ap vyeyi atravè eta a. Nan wòl sa, Madam Calhoun pral dirije plan enfrastrikti 100 milya dola sou senk an Gouvènè a pou ede redwi anbouteyaj ak polisyon lè, epi amelyore sekirite otomobilis yo sou wout New York yo. Anvan sa, Madam Calhoun te travay kòm Chèf Pèsonèl nan Depatman Transpò a. Madam Calhoun te travay anvan sa kòm yon reprezantan New York Santral pou ansyen Senatè Amerikèn Hillary Clinton. Madam Calhoun te travay anvan sa tou pou ansyen Gouvènè David Paterson nan afè entègouvènmanal yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418